



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENVESTISMAN NAN ENÈJI PWÒP POU BENEFISYE
PLIS PASE 350,000 FANMI KI GEN REVNI FÈB RIVE NAN MODERE**

***NYSERDA ak sèvis piblik New York sipòte ansanm inisyativ yo pou plis pase de
fwa kantite fanmi k ap resevwa sèvis efikasite enèji***

***Eta ak sèvis piblik yo pral teste ak devlope solisyon evolutif pou chofaj ak
klimatizasyon pwòp pou fanmi ki gen revni fèb rive nan modere ak bilding
milti-famlyal abòdab ki ap pèmèt lè ki pi sen ak pi pwòp***

***Eta a anonse tou yon pwojè pilòt rezèv pou pèt sou prè ak finansman
milti-famlyal abòdab NY Green Bank pou soutni moun ki fè prè ki defavorize yo
ak adopsyon solisyon efikasite enèji***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon inisyativ nasyonal ant Otorite Rechèch Enèji ak Devlopman nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak sèvis piblik ki apateni ak investisè eta a pou yon nouvo estrikti pou ogmante aksè ak solisyon pou enèji efikas ak enèji pwòp pou fanmi ki gen revni fèb rive nan modere ak bilding milti-famlyal abòdab yo.

Patenarya kolaborasyon ak investisman yo ki te fèt nan kad inisyativ sa a pral pèmèt yon lè pa anndan ki pi pwòp ak pi sen epi plis opsyon enèji abòdab pou fanmi yo, ki gen ladan plis pase 350,000 fanmi ki gen revni fèb rive nan modere atravè eta a. Estrikti, ki soumèt bay Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York la, pral plis pase double kantite fanmi ki gen revni fèb rive nan modere ak bilding milti-famlyal yo k ap resevwa sèvis efikasite enèji tankou izòlman, fèmte lè, rediksyon chaj elektrik ak amelyorasyon HVAC (Chofaj, Vantilasyon Èkondisyone), chak ane epi ogmante pwogram sansibilizasyon, edikasyon ak sipò nan kominote a pou amelyorasyon efikasite enèji

"Pandan n ap kontinye batay nou kont chanjman klimatik, nou dwe asire ke tout Nouyòkè yo gen aksè ak enèji pwòp epi pa rete deyè nan tranzisyon nan ekonomi vèt, espesyalman sila yo ki nan kominote ki pi vilnerab yo ki plis santi dirèkteman enpak danjere chanjman klimatik ak degradasyon anviwòntal yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Patenarya revolisyonè piblik-prive sa a se yon apwòch entèlijans ak inovatif ki pral pote solisyon abòdab, enèji pwòp dirèkteman nan kay sila yo ki plis bezwen yo, epi rann lavi tout Nouyòkè yo pi an sekirite ak pi an sante."

Dènnye anons sa a sipòte Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominote (Climate Leadership and Community Protection Act) nan New York la epi garanti objektif CLCPA yo avanse nan yon fason ki jis ak ekitab nan bay aksè ak solisyon enèjetik pwòp ak amelyore aksè fanmi ak kominote LMI (Revni Fèb rive nan Modere) yo pou enèji.

Depans enèji yo afekte fanmi LMI yo yon fason ki pa pwoposyonèl, kote gen anpil ki gen difikilte ak enèji anyèl ki depase 20 pousan revni lakay yo. Resous ak investisman ki dedye tankou sa yo ki anonse jodi a, mete avèk pwogram èd peman dirèk anyèl 250 milyon dola Komisyon Sèvis Piblik la, enpòtan pou ede Nouyòkè ki vilnerab yo kontwole depans enèji ak aksè ak avantaj solisyon enèji pwòp yo.

[Estrikti ki depoze jodi a](#) gen ladan yon gwo ogmantasyon nan finansman pou efikasite enèji moun ki gen revni fèb rive modere, epi dekri yon estrateji konplè ant konpayi sèvis piblik NYSERDA ak New York investisè posede ki gen ladan Central Hudson, Con Edison, National Fuel Gas, National Grid, NYSEG/RG&E, Orange & Rockland, avèk plis finansman nan ane 2020 ak pwogram ki nouvo ak modifye k ap kòmanse nan ane 2021.

Estrikti sa a nan tout eta a pral investi apeprè 1 milya dola rive 2025 pou avanse efikasite enèji nan sègman mache LMI a, ki gen ladan:

- Plis pase 300 milyon dola pou redui difikilte enèji nan ogmante aksè ak efikasite enèji pou mèt kay ak lokatè LMI yo;
- Plis pase 500 milyon dola pou amelyore efikasite enèjei a nan bilding milti-famlyal abòdab yo;
- 45 milyon dola pou angajman nan kominote a ak bati kapasite avèk òganizasyon nan kominote a; epi
- 30 milyon dola pou devlope solisyon chofaj ak vantilasyon pwòp pou kay ak bilding LMI yo atravè rechèch ak analize baryè enstitiyonèl yo ak finansman pwojè pilòt ak demonstrasyon yo. Investisman sa a bati sou enpilsyon nasyonal New York sou elektrifikasyon bilding avèk Plan Aplikasyon Chofaj Pwòp Eta New York te apwouve dènyèman ki pral investi apeprè 700 milyon dola nan solisyon elektrifikasyon bilding, ki gen ladan yon seri teknoloji ponp chalè.

Nouvo inisyativ sa yo pral ogmante demann mache a ak kreye nouvo opòtinite pou travayè nan enèji pwòp gras ak gwo investisman sa a. Clean Energy Fund, NYSERDA ap ofri yon seri devlopman mendèv ak opòtinite fòmasyon epi pral kontinye travay avèk rezo kontraktè pou efikasite enèji ak Pwogram Asistans Meteyorizasyon an. Devlopman ak fòmasyon mendèv la pral foki sou popilasyon priyòritè yo ak bati mendèv nan kominote a. Sa yo gen ladan rekonpans pou fòmasyon nan travay, kou nan salklas, estaj, patenarya avèk komès ak sendika yo, ak fòmasyon mendèv lokal sible pou sipòte kanpay kominotè enèji pwòp LMI yo.

Ansanm, investisman yo ki te anonse jodi a pral pèmèt:

- Efikasite enèji ki amelyore pou rezidan LMI yo ak bilding milti-familyal abòdab yo bay an total plis pase 400 GWh ak 6,000 MMBtu chak ane;
- Bòdwo enèji ki redui pou patisipan nan pwogram lan, sa ki bay an total plis pase 40 milyon dola chak ane;
- Amelyorasyon nan sante Nouyòkè yo gras ak kalite lè anndan kay ki amelyore; epi
- Yon ogmantasyon nan fanmi k ap resevwa sèvis efikasite enèji ki sòti nan anvivon 30,000 chak ane pou depase 70,000 chak ane.

Nan New York, gen 3.2 milyon fanmi oswa 40 pousan rezidan ki kalifye tankou moun ki gen revni fèb pou rive modere, gen revni ki nan 80 pousan revni mwayen zòn yo oswa ki pi ba. Bilding yo reprezante 45 pousan emisyon gaz efè de sè apati konbisyon kabiran ak pwodiksyon elektrik nan Eta New York ak angajman jodi a pral ede rezidan LMI yo ak mèt bilding yo redui depans enèji yo ki sipòte objektif CLCPA pou livre 35-40 pousan avantaj investisman enèji pwòp pou kominote ki defavorize epi ki gen revni fèb pou rive modere.

NYSERDA ap ofri tou 10 milyon dola finansman atravè Green Jobs - Green New York pou sipòte yon [Pwogram Rezèv pou Pèt sou Prè](#) ki priyorize prete pou sipòte travay ki prezève anvivonman an ak prete pou efikasite enèji ak enèji renouvlab nan kominote yo atravè New York. Pwogram pilòt sa a pral gen yon avantaj dirèk pou moun ki fè prè ki defavorize yo nan redui risk pou enstitisyon finansye nan kominote a ki prete lajan pou amelyorasyon efikasite enèji ak sistèm enèji renouvlab ki enstale nan bilding rezidansyèl ak milti-familyal yo ansanm ak bilding ti biznis ak òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi yo itilize. Pwogram lan pral katalize ak elaji finansman enèji pwòp ak elaji disponibilite, ak amelyore kondisyon pou, finanse pwodui nan egziye yon minimòm 35 pousan pòtfèy prè rezidansyèl ki disponib pou kliyan yo ki gen nòt kredi ki pi ba oswa konsomatè ki gen revni fanmi an ki pi ba, epi yon minimòm 35 pousan nenpòt pòtfèy prè bilding milti-familyal ki destine pou bilding milti-familyal.

Anplis de sa, [NY Green Bank](#) te travay kolaborativman avèk Enstitisyon Finansye sou Devlopman Kominotè, ajans lojman, devlopè ak operatè lojman abòdab, ak lòt gwoup, epi ap lanse yon nouvo inisyativ otòn sa a ki vize fè investisman omwen 150 milyon dola pou elaji solisyon pou enèji pwòp ak efikasite enèji ki benefisye mache lojman milti-familyal abòdab New York. Finansman an pral oryante nan sans nouvo konstriksyon ak prezèvasyon mache lojman abòdab milti-familyal nan eta a pou ankouraje plis pèfòmans nan enèji. Nan fè sa, NY Green Bank pral kapab demontre moun ki fè prè tradisyonèl yo ak enstitisyon finansye yo ke pwojè lojman abòdab ki pi ekolojik yo ke mache a ka finanse ak adopte avèk siksè.

Inisyativ sa yo konplete tou travay sipò ak finansman dirèk Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York pou kominote ki gen revni fèb rive nan modere. Pa egzanp, nan ane 2019 HCR te lanse Pwogram Plis Prezèvasyon Entanperizasyon (Weatherization Preservation Plus Program) pou redui

depans enèji pou bilding milti-famlyal ki resevwa èd lokasyon federal oswa eta. Depi 2011, finansman Pwogram Entanperizasyon (Weatherization Program) te garanti 78,400 inite lojman nan Eta New York ki te vin plis efikas pou enèji akòz investisman plis pase 506 milyon dola. HCR te dirije tou devlopman lojman ki gen yon enpak pozitif sou anviwònman ak klima kote li se premye eta nan Etazini ki jwenn sètifikasyon entènasyonal apeprè 100 milyon dola nan nouvo Bon Klimatik. Ajans Finansman Lojman HCR kontinye se pi gwo emetè obligasyon klimatik nan monn lan ak eksplwate done ki kolekte atravè pwogram analiz konparatif li a pou enfòmè mèt bilding milti-famlyal yo nan fason pou rann bilding yo a pi dirab.

Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Anons jodi a make yon pwogrè enpòtan nan yon seri aksyon ke eta a ap pran pou asire pa gen okenn Nouyòkè, kèlkeswa revni li, ki refize aksè ak sèvis efikasite enèji ki bay anviwònman pou viv ki pi konfòtab, pwòp ak an sante. Investisman nou an souliye detèminasyon nou genyen pou fè avanse tranzisyon jis ak ekitab New York la pou yon ekonomi net nan kabòn anba lidèchip Gouvènè Cuomo".

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare: "HCR fyè pou sipòte kolèg nou yo nan NYSERDA ak sèvis piblik ki apateni ak investisè yo pandan nou kontinye aplike ajanda vizyonè Gouvènè Cuomo pou redui emisyon, ki gen ladan ede konpatiyòt Nouyòkè nou yo k ap viv nan yon lojman milti-famlyal abòdab pou amelyore efikasite enèji. Kontwole depans enèji yo se yon lòt fason pou rann lojman pi abòdab nan tout eta a".

Blake Jones, Prezidan Volontè Konsèy Clean Energy Credit Union, te deklare, "Kòm yon sendika kredi agreye federalman ki konsantre esklizivman sou enèji pwòp, efikasite enèji, ak prè pou amelyore lojman ekolojik, Sendika Kredi pou Enèji Pwòp (Clean Energy Credit Union) eksite pou opòtinite pou tounen yon pretè patisipan nan pwogram Rezèv pou Pèt sou Prè NYSERDA. Nou aplodi NYSERDA dèske li te konsevwa yon pwogram solid konsa, espesyalman youn ki konsantre sou fanmi ki gen revni fèb rive nan modere ak moun ki fè prè ki defavorize. Pwogram sa a pral pèmèt nou diminye to enterè ke nou ofri pou patisipan nan pwogram lan, epi an retou, sa pral ede yo redui konsomasyon enèji ak bòdwo sèvis piblik yo".

Direktè Egzekitif Jeneral Inclusive Prosperity Capital, Kerry E. O'Neill, te deklare, "Nou te remake pouvwa rezèv ki pèdi yo pou katalize pretè lokal yo pou ofri pwodui prè ekolojik, espesyalman nan kominote defavorize yo. Amelyorasyon ekolojik sa pèmèt ekonomi, diminye fado sou konsomatè yo, epi opsyon finansman abòdab yo ede kontraktè lokal yo elaji efikasite ak biznis renouvlab yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Inklusiv, Cathie Mahon, te deklare, "Nou aplodi apwòch kreyatif NYSERDA yo pou estimile prè pou enèji pwòp nan sendika kredi yo ak lòt Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè. Moman an se pou aliye kounye a travay enklizyon finansye nou avèk aksyon klimatik ak travay avèk patnè inovatif yo epi bay zouti pou sipòte nouvo aktivite pou prè enpòtan pou siksè".

Anons jodi a se pi resan an nan yon seri aksyon Eta a te pran pou fè tranzisyon ekitab nan netralite kabòn tout ekonomi an. Komisyon Sèvis Piblik la te emèt yon òdonans ki rezève 701 milyon dola pou sèvis piblik ki apateni ak investisè yo nan eta a posede anvan 2025 avèk 206 milyon dola ki atribiye pou aksè ekitab ak avantaj pou kominote ki gen nivo sosyal ak ekonomik fèb epi defavorize, pou bati ase estasyon rechaj veyikil eletrik ak enfrastrikti pou sipòte objektif New York pou gen 850,000 EV sou wout la anvan fen ane sa. Nan kad anons sa a, NYSERDA pral pwopoze konpetisyon ki totalize 85 milyon dola ki prepare pou abòde dirèkteman emisyon, ekite ak elektrifikasyon nan kominote yo toupre lari ki gen anpil trafik ak blokis ak otowout piblik yo. Epi mwa pase a, NYSERDA te mete disponib plis pase 10.6 milyon dola pou ede Nouyòkè ki defavorize jwenn aksè ak enèji solè pwòp, abòdab ak fyab, ki reprezante premye etap nan egzekisyon Estrikti sou Ekite Enèjetik Sosyal (Social Energy Equity Framework) New York la. Anplis de sa, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la te anonse nominasyon nèf manm nan Gwoup Travay sou Jistis Klimatik la pou ede gide aplikasyon CLCPA.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou estrikti jodi a lè ou ale nan seksyon Commission Documents (Dokiman Komisyon) sou sitwèb Komisyon an nan www.dps.ny.gov. Gade Nimewo Dosye 18-M-0084 [isit la](#).

Plan klima nasyonal Eta New York la

Plan klima nasyonal Gouvènè Cuomo a se inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, k ap fè apèl a tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap Rebati Pi Byen jan l ap retabli anba pandemi Covid la. Enpleman an lwa nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè, New York sou chemen pou atenn objektif obligatwa li yo nan ekonomi netralite kabòn sou echèl ekonomik ak reyisi yon sektè elekrisite zewo emisyon kabòn apati 2040, pi rapid pase nenpòt ki lòt eta. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan investisman 3.9 milya dola nan 67 pwòjè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope plis pase 1,800 megawat enèji ewolyèn bò 2024, ak 1,800 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2011. Konsèy Aksyon Klima New York ap travay sou yon plan kadraj pou bati sou pwogrè sa a epi redwi emisyon gaz efè de sè nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 apati 2050 pandan y ap asire ke omwen 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman enèji pwòp ale nan avantaj kominote defavorize yo ak avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji 2025 eta nan diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 TBtus.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)